# Журналистлер ушын арнаўлы платформа жаратылады

Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар агентлигиниң пресс-холында болып өткен «Медиада жеке мағлыўматларды қорғаў: ҳуқықый ҳәм әдеп-икрамлылық нормалары» темасындағы баспасөз конференциясында Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар агентлиги директоры Асаджон Хўжаев өз пикирлерин билдирди:

«Мәлимлемени жеткерип бериў талабы менен биргеликте шахстың ҳуқықларын қорғаў талапларын да орынлаў керек. Оперативлик пенен бирге шахсқа зыян жеткермеў, оның ҳуқықларын қорғаў бойынша комлексли ис-иләжларды әмелге асырыўымыз керек.

Өйткени бизде сондай жағдайлар ушыраспақта, айрым ҳалларда мәлимлемени жәриялаў ҳәрекетинде тиккелей шахсқа тийисли мағлыўматлар әшкәраланбақта. Бундай жағдайлар сол шахсқа зыян жеткермекте. Бизде шахсқа тийисли мағлыўматларды қорғаў бойынша нызамда белгиленген талаплар бар. Бирақ бул талаплар орынланбай атыр.

Оның ушын не ислеўимиз керек? Бәринен бурын нызамшылықтағы талаплар нелерден ибарат? Жеке өмир бар ҳәм сөз еркинлиги бар. Ортадағы шегара қаерден өткен? Қайсы тәреплерге итибар бериўимиз керек?

Усы мәселелерге биз сизлерге жуўап табыўға ҳәрекет етемиз. Бизге бул мәселелерди таллаўда Әдиллик министрлиги ҳәм оның жанындағы арнаўлы Орай хызметкерлери жәрдем береди».

Сондай-ақ, Асаджон Хўжаев өз сөзинде ҒХҚ хызметкерлери, журналистлер медиа-мәканда өз ҳуқықлары, ҳәр қыйлы жағдайлар бойынша пикирлери менен бөлисип, усы пикирлер бойынша тәжирийбели юристлер, адвокатлардың шешимин алып барыўы ушын жаңа платформа жаратылыўы –арнаўлы веб-сайт ашылыўы ҳаққында айтып өтти.

«Бул бойынша Әдиллик министрлиги менен бирге ислесиўди режелестирип қойдық. Бул жерде тәжирийбели ҳуқықтаныўшылардың, атап айтқанда әйне медиа бағдарындағы юристлердиң видеороликлери, сораўларға берген жуўаплары ҳәм пикирлери жайластырып барылады.

Бириншиден, бул ресурстан 24 саат пайдаланыў имканияты болады. Екиншиден белгили бир мәселе ямаса сораўлы жағдай бойынша юрист тәрепинен берилген түсиник, шешим сол бетте турады. Оны көширип алыў ҳәм пайдаланыў имканияты жаратылады.

Бул арқалы ҒХҚ ўәкиллериниң ҳуқықый саўатлылық дәрежеси артады ҳәм билими күшейеди. Сондай-ақ, мәмлекетлик басқарыў уйымлардағы ҒХҚ ўәкиллери менен ислесиўши қәнигелер, мәлимлеме хызметлериниң нәтийжели ислеўине жәрдем береди.

Аўдарма: ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети